

SS.7.C.3.3

Montre estrikti ak fonksyon (twa branch nan gouvènman an ki etabli nan Atik I, II, ak III avèk pouvwa ki korespondan lan) gouvènman peyi Etazini an jan sa etabli nan Konstitisyon an.

SS.7.C.3.3 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap rekonèt estrikti lejislatif la, egzekitif la, ak branch jidisyè yo.

Gouvènman Ameriken an gen twa branch ki separe: lejislatif la, egzekitif la, ak jidisyè a. Chak branch yo òganize trè diferan.

Branch lejislatif la enkli **Chanm Reprezantan** yo ak **Sena** a. Ansanm yo se kò legislatif ki fè lwa yo nan peyi Etazini, yo rele yo **Kongrè** a. Atik I nan Konstitisyon an dekri pouvwa yo ak òganizasyon Kongrè a. Travay prensipal branch lejislatif la se pou fè lwa yo. Bagay ki pi gwo nan Atik I an enkli:

- Etazini ap gen de chanm **lejislati**.
- Genyen yon lis pouvwa espesifik ke yo bay Kongrè a.

Dezyèm branch nan gouvènman Etazini an se **branch egzekitif** la. Branch egzekitif la enkli **Prezidan** ak Vis Prezidan an. Travay prensipal branch egzekitif la se pou fè aplike lwa yo. Atik II nan Konstitisyon an esplike pouvwa Prezidan an.

Twazyèm branch nan gouvènman Etazini an se **branch jidisyè** a. Branch jidisyè a enkli **Lakou Siprèm peyi Etazini** an ak tout tribinal ki ba yo enkli federal la, eta a, ak tribinal lokal yo. Atik III nan Konstitisyon an deklare ke gen "yon sèl Lakou Siprèm" ak "Tribinal enferyè kòm Kongrè a ka de tan zan tan òdone ak etabli." Atik III a nonmen sèlman Lakou Siprèm lan ak pèmèt Kongrè a pou kreye tout lòt sistèm tribinal federal, eta, ak lokal yo.

branch egzekitif – branch gouvènman an ki ranfòse lwa yo ke branch lejislatif la fè

branch jidisyè - branch gouvènman an ki entèprete lwa yo ke branch lejislatif la te fè

branch lejislatif - branch gouvènman ki kreye lwa yo

Kongrè a – kò nasyonal lejislatif nan peyi Etazini, ki fòme ak Sena a, oswa chanm wo, ak Chanm Reprezantan an, oswa chanm ba

Lakou Siprèm peyi Etazini - tribinal ki pi wo nan peyi Etazini; li chita sou tèt sistèm tribinal federal la

lejislati – kò gouvènman an ki resposab pou fè lwa yo

prezidan – Pi gwo chèf nan branch egzekitif la

Reprezantan nan lachanm peyi Etazini – chanm ki pi ba nan kongrè a

Senatè Etazini - yon manm nan Sena Etazini an ki eli pou l reprezante yon eta tout antye; gen de senatè pou chak eta